

Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON 5 MILYON DOLA POU
NEUROCURESNY POU DEMONTRE NOUVÈL APWÒCH POU GERI
ANDIKAP NEWOLOJIK KWONIK KI KOZE PA ATAK SEREBRAL**

***Li Ofri Potansyèl Pou Gen Mezi Ki Pi Presi Sou Avantaj Terapetik, Sa Ki Ap
Pèmèt Esè Klinik yo Rive Atenn Enpòtans Estatistik ak Mwens Pasyan***

Li Fè Pati Inisyativ Syans Lavi 620 Milyon dola Eta New York la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon sibvansyon 5 milyon dola ki pral pèmèt NeuroCuresNY, Inc. fè yon demonstrasyon pandan de ane pou rezo esè klinik inik li ak pwosesis pou teste medikaman yo pou trete andikap ki koze pa deteryorasyon newolojik yo. NCNY, ki se yon inisyativ san bi likratif ki fòme pa Burke Neurological Institute, University of Rochester ak Wadsworth Center pou fè esè klinik pou medikaman pou deteryorasyon ak andikap newolojik kwonik yo, vize redwi dire ak depans pou devlopman medikaman yo pou pasyan ki andikape akòz atak serebral yo ki te epwize tout sa ke sistèm swen sante a gen pou ofri. Sibvansyon an fè pati Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola Eta New York lan pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak ogmante kapasite eta a genyen pou komèsyalaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an.

"Lè nou konstwi yon avni ki pi an sante pou New York sa vle di pran devan nan pwojè rechèch syantifik krisyal yo ak pwojè devlopman yo aktyèman", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Esè demonstrasyon NeuroCuresNY yo pral teste nouvo medikaman ak terapi inovatif yo ki gen potansyèl pou fè yon pakèt diferans pou pasyan ki ap souffri de efè atak serebral yo epi kontinye ak kwasans san presedan New York yo nan endistri syans lavi yo."

"Endistri syans lavi an ap kontinye devlope atravè Eta a gras a investisman nan rechèch ak devlopman modèn yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral bay resous ki nesesè pou ede jwenn yon medikaman pou deteryorasyon newolojik yo ki koze pa yon atak serebral. Sibvansyon pou NeuroCuresNY lan ap ajoute sou angajman nou te pran pou sipòte etid ak tretman inovatif yo pou asire sante ak byennèt tout moun New York yo."

Esè demonstrasyon yo pral konbine itilizasyon medikaman pou repare sèvo a an konbinezon ak teknoloji fòmasyon wobotik, ki ka refè edikasyon sistèm nève moun nan. Esè ki ap dire de ane yo pral bezwen plis pase 150 pasyan ki gen andikap kwonik yo akòz atak serebral, epi yo pral fèt pandan anviwon 24 mwa. Ak tan ki ap pase, NCNY planifye evalye tretman pou andikap yo ki koze pa lòt pwoblèm newolojik yo tankou lyezon serebral, maladi Alzheimer ak lyezon medilè.

Apwòch inik NCNY lan elabore pou redwi depans pou enfrastrikti pou esè yo, sa ki ap pèmèt yo fonksyone yon fason ki pi efikas. Apwòch sa a gen ladan:

- Yon rezo fizisyen ki estab ki ap refere pasyan ki pou patisipe nan esè yo epi tou sèvi kòm anketè esè yo, sa ki ap asire sous patisipan nan esè yo ki ap kontinye epi rive sipase defi rekritman pasyan yo,
- Estrateji tretman yo ki ap itilize medikaman pou repare sèvo a an konbinezon ak teknoloji wobotik ki ap "kenbe" sistèm nève a epi efekte mezi ki pi presi sou avantaj terapeitik, epi
- Itilize yon pwotokòl etid ki estandarize, ki rigoure pou sèvi kòm baz pou tout esè yo, pou ke yo pa bezwen reyenvante pwotokòl yo pou chak esè, sa ki ap kreye yon anviwònman pou fè tès ki pi efikas.

Esè yo pral pèmèt NeuroCuresNY amelyore wout li pou ale nan otonomi, elaji rezo fizisyen li an epi solidifye pozisyon li antan ke yon antite ankraj pou devlopman klinik newolojik yo. Ak reyisit sa a, NeuroCuresNY pral ofri potansyèl pou gen avantaj devlopman ekonomik alontèm yo tankou:

- Atire konpayi komèsyal pou fè esè klinik yo epi kreye revni nan Eta New York
- Kreye travay nan jesyon esè yo, devlopman pwodwi, reyamenajman ak analiz done yo
- Ankouraje pi gwo investisman endividyèl ak nan inisyativ yo
- Kreye nouvèl konpayi pwopriyete entelektyèl ak konpayi derive yo
- Atire touris medikal nan New York pou patisipe nan esè newolojik yo
- Ekspoze etablisman tretman newolojik prensipal New York yo

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan Howard Zemsky te deklare, "Eta New York te pran angajman sipòte inovasyon tankou NeuroCuresNY ki ap konstwi pi plis endistri syans lavi dinamik nou an pandan ke li ap pèmèt tou devlopman tretman ki pral amelyore lavi".

"Plizyè milyon Ameriken ansanm ak fanmi yo ap fè fas chak jou a defi ke yo genyen akòz yo andikape akòz maladi newolojik yo tankou atak serebral, maladi Alzheimer ak lyezon medilè yo", **se sa Dr. Rajiv Ratan, ki se Direktè Burke Neurological Institute, ki se yon filyal nan Weill Cornell Medicine, ak Direktè Pwovizwa NeuroCuresNY, Inc., te deklare.** "Mank opsyon tretman ki ap pèdire pou rive abòde yon fason konsiderab defi ke moun ki gen pwoblèm newolojik yo ap fè fas a yo mete aksan sou nesosite pou genyen yon nouvèl apwòch revolisyonè. Ak sipò òganizasyonèl ak finansye ki soti nan Empire State Development Corporation ansanm ak biwo Gouvènè a, yon kolaborasyon san presedan nan Burke Neurological Institute; Neurorestoration Institute ki nan University of Rochester (ki dirije pa Brad Berk MD, PhD); ak Sant pou Newoteknoloji Adaptatif lan (Center for Adaptive Neurotechnology) ki nan Wadsworth Laboratories ki nan NYSDOH (ki dirije pa Jon Wolpaw MD); te prezante yon modèl esè klinik inik, ki inovatif epi ki gen potansyèl pou chanje trajektwa sa a pa sèlman nan New York, men tou sou plan nasyonal ak global."

Yo souvan neglije rechèch sou deteryorasyon ak andikap newolojik yo akòz defi ak gwo depans yo pou fè esè klinik yo, malgre gwo nesosite ki genyen pou jwenn tretman pou ka abòde andikap yo. Yo te kreye NCNY espesifikman pou ka sipase defi sa yo.

Pwoblèm newolojik tankou lyezon serebral ak lyezon medilè twomatik yo ak atak serebral yo ap andikape yon fason pèmanan plis pase 1 milyon moun chak ane nan peyi Etazini, ki ap koute plis pase 387 milya dola chak ane pou jere yo. Devlopman terapetik klinik yo pou trete oswa geri deteryorasyon newolojik yo te difisil epi yo te koute lajan. Mank tretman ki efikas yo pou andikap ak deteryorasyon kwonik yo ki koze pa twoub newolojik yo ka kreye fado pèsonèl ak finansye konsiderab. Potansyèl pou fè rediksyon nan dire esè klinik ak depans pou devlopman medikaman newolojik yo te deja jenere enterè pami konpayi yo ki gen pwodwi ki pare pou evalyasyon klinik.

Inisyativ Syans Lavi 620 Milyon dola Eta New York la

Nan bidjè Ane Fiskal 2018 la, Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an.

Inisyativ a plizyè fasèt sa a gen ladan 100 milyon dola pou etann Kredi Enpo Pwogram Travay Excelsior a (Excelsior Jobs Program Tax Credit) nan tout endistri syans lavi a, 100 milyon dola pou yon pwogram kredi enpo ranbousab pou rechèch ak devlopman nan syans lavi, epi 320 milyon dola sou lòt fòm investisman. Sa gen ladan sibvansyon investisman eta a pou kore devlopman laboratwa travay pratik ak espas inovasyon, ak soutyen operasyonèl ak kapital investisman pou konpayi syans lavi ki nan faz inisyal yo ki ap byen itilize omwen 100 milyon dola finansman adisyonèl ki sòti nan sektè prive a.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn byoteknoloji, famasetik, teknoloji byomedikal, teknoloji sistèm lavi yo, epi li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwe majorite efò yo nan diferan faz rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon yo. Chak jou, konpayi nan sektè sa ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, swa atravè nouvel terapi yo oswa deteksyon maladi nan premye faz yo tankou otis ak kansè. Antrepriz sa yo ap fè pwogrè konsiderab tou nan domèn byoteknoloji agrikòl ak anviwònmanal, ki ap ede kreye yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Lè li ranfòse ensitasyon, investisman nan enstalasyon yo, epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York pral ogmante yon fason konsiderab aksyon li nan rechèch ak devlopman ke endistri a finanse, sipòte komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi entegre nouvel jenerasyon teknoloji ki avanse yo. An plis de pwogrè nan syans yo, inisyativ sa a pral pozisyon New York kòm yon leman pou antrepriz ki baze sou manifakti ki ap emèje yo, ki ap ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye pòs travay.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)